

Konsèy sou tranzisyon soti nan swen pedyatri ale nan swen pou adilt

Yon tranzisyon fasil nan swen pou adilt dwe kòmanse bonè! Pou w jwenn plis enfòmasyon, monte nan mass.gov/MassHealthYoungAdults.

Lè w adilt, w ap sispann gen konsiltasyon kay pedyat pou w resevwa swen pou adilt. Ou dwe kòmanse pare bonè pou chanjman sa a. Ou ka pale sou sa avèk paran w oubyen moun k ap okipe w la, pedyat ou a, e avèk tout lòt espesyalis pedyatri oubyen founisè swen ou konsilte, atout founisè swen konpòtmantal / mantal.

LAJ 12–14

- Wè nan ki laj founisè ou a/yo sispann wè pasyan.
- Mande kisa founisè a rekòmande pou pwosesis pou kòmanse jwenn swen pou adilt.
- Konnen enfòmasyon sou sante w, tankou pwoblèm medikal e medikaman w ap pran.
- Pare pou w poze kesyon e reponn kesyon sou swen sante ou, nan lè randevou ou yo.

LAJ 14–18

- Pale avèk founisè ou a sou kòman pou kreye yon plan pou ale resevwa swen pou adilt.
- Kòmanse chèche yon founisè swen pou adilt e reflechi sou lè w ap pare pou fè chanjman an.
- Asire ou pare pou okipe pwoblèm medikal ou yo poukont ou. Pa egzanp, si w gen alèji, asire ou mache ak yon EpiPen.

LAJ 18–23

- Pran randevou avèk tout founisè swen pou adilt ou gendwa bezwen konsilte.
- Asire nouvo founisè sa yo gen enfòmasyon medikal ou yo.
- Monte nan mass.gov/NavigatingMassHealth pou asire ou konnen si kouvèti asirans ou a pral chanje.
- Ale nan randevou konsiltasyon anyèl e tout suivi ou yo.

Èske w bezwen swen medikal ki konplèks?
Monte nan mass.gov/HealthTransition pou w jwenn plis enfòmasyon!

